



Pou Piblikasyon Imedya: 04/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SELEKSYON 230 PWOFESE ESPESYALIS NAN ETA NEW YORK POU PATISIPE NAN REZO EDIKATÈ YO NAN TOUT ETA A

Kantite total pwofesè-lidè ekstraòdinè STEM yo ki resevwa rekonesans pwofesè espesyalis nan tout Eta New York nan plis pase 1400

Nouvèl faz aplikasyon pou pwofesè K-12 STEM yo ouvri kounye a jiska dat 26 fevriye 2022

Gouvènè Kathy Hochul te anonse chwa 230 edikatè ki soti toupatou nan eta a pou Pwogram Pwofesè Espesyalis (Master Teacher Program) Eta New York la, sa gen ladan 55 pwofesè elemantè. Nouvo manm yo ajoute 21 nouvo distri avèk yon Pwofesè Metriz nan kò pwofesè yo a. Pwogram lan akeyi pwofesè ki soti nan 22 distri ki gen gwo nesesite yo, sa gen ladan Distri Eskolè Vil Yonkers, Syracuse, Rochester, Binghamton ak Buffalo.

"Pandan pandemi an, edikatè nou yo te simonte gwo obstak, adapte ak aprantisaj adistans, kenbe timoun nou yo angaje ak fè tout kalite ajisteman pou asire etidyan New York yo te kapab kontinye edikasyon yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nou gen yon gwo dèt gratitud anvè edikatè nou yo epi pwogram enpòtan sa pral ede asire plis pase mil pwofesè nan chak kwen nan Eta New York gen resous ak sipò yo bezwen pou reyisi ak kontinye amelyore sistèm lekòl y ap travay ladan an".

Gwoup antran Pwofesè Espesyalis yo gen ladan 22 pwofesè ki gen divès sètifikasyon ansèyman, 13 pwofesè ki sètifye nan Edikasyon Espesyal, Etidyan ki gen Andikap ak/oswa TESOL (Anseye Angle ak Moun ki Pale Lòt Lang), ak 19 pwofesè ki sètifye nan Edikasyon Teknoloji ki ap ofri divès kou nan Teyori ak Aplikasyon Enjeniri, Fabrikasyon Entegre pa Òdinatè, Konsepsyon ak Desen pou Pwodiksyon epi Wobotik. Edikatè sa yo pral rejwenn rezo Pwofesè Espesyalis ki te kreye nan ane 2013, sa ki pote kantite total Pwofesè Espesyalis Eta New York ki chwazi atravè Eta New York yo a plis pase 1400.

Chanselye Pwovizwa SUNY an, Deborah F. Stanley, te deklare, "Pwogram Pwofesè Espesyalis New York la selebre depi lontan gwo talan nan eta nou an, nan rekonèt lidè nan edikasyon STEM yo ki enspire etidyan yo ak kamarad yo. Pandan moman ki espesyalman difisil sa a nan istwa nou, nou apresye pwofesè nou yo ankò plis dèske yo

kenbe etidyan nou yo angaje epi reyisi nan travay klas yo. Nan non SUNY, mwen felisite tout gayan loreya ane sa a yo".

230 Pwofesè Espesyalis yo se pwofesyonèl ki devwe ki ap anseye klas syans, teknoloji, syans enfòmatrik, wobotik, pwogramasyon, jeni, matematik ak klas STEM entegre nan K-12 yo ki enkli nan nivo plasman avanse, distenksyon ak Rejan yo.

Pwofesè Espesyalis ke yo te chwazi yo te nan ansèyman depi yon mwayèn 15 ane. Plis pase 81 pousan te nan sal klas la pandan plis pase dis ane, epi 26 pousan te nan ansèyman pandan plis pase 20 ane. 230 Pwofesè Espesyalis yo reprezante 159 distri eskolè.

Tout Pwofesè Espesyalis yo aktif andeyò sal klas yo, kote yo ap travay kòm lidè nan pwogram eskolè ak depatman oubyen manm nan komite distri oswa eta yo, ansanm ak kòm pwofesè konseye pou etidyan ak pwofesè ki nan kòmansman karyè yo. Anpil nouvo manm te jwenn sibvansyon pou resous eskolè STEM yo. Yo patwone tou konpetisyon Olenpyad Syantifik yo, kan dete STEM yo, jaden eskolè yo, ekip wobotik yo, klèb pwogramasyon yo, òganizasyon sèvis kominotè yo ak manm oswa ofisye PTO yo. Pwofesè Espesyalis yo kenbe wòl lidèchip nan asosyasyon pwofesyonèl STEM Eta New York la yo epi dirije atelye sou devlopman pwofesyonèl pou konferans edikatè rejyonal ak nan tout Eta a yo. Anpil nan 230 Pwofesè Espesyalis yo te jwenn rekonesans pou sèvis ekstraòdinè yo bò kote kamarad, kominote lokal oswa asosyasyon pwofesyonèl yo.

Nan nèf rejyon ki atravè Eta a, Pwogram Pwofesè Espesyalis la fèt sou yon kanpis SUNY pou ranfòse ekspètiz kò pwofesè ak pwogram preparasyon edikatè ki la deja nan Inivèsite a. Kantite pwofesè ki seleksyone nan kowòt gwoup rejyonal ak kanpis SUNY patnè respektif la se:

- Rejyon Kapital: 180 (University at Albany)
- New York Santral: 183 (SUNY Cortland)
- Finger Lakes: 178 (SUNY Geneseo)
- Long Island: 156 (Stony Brook University)
- Mid-Hudson: 135 (SUNY New Paltz)
- Mohawk Valley: 115 (SUNY Oneonta)
- North Country: 116 (SUNY Plattsburgh)
- Southern Tier: 206 (Binghamton University)
- Rejyon Lwès New York: 177 (SUNY Buffalo State)
- Vil New York: 75 (nan yon patenarya ak Math for America)

W ap jwenn yon lis konplè Pwofesè Espesyalis ak distri lekòl yo [isit la](#).

Pandan tout kat an patisipasyon yo nan Pwogram nan, Pwofesè Espesyalis yo:

- Resevwa yon rekonpans 15,000 dola chak ane;
- Enplike nan gide kòlèg yo ak nan opòtinite devlopman pwofesyonèl entansif nan domèn yo pandan tout ane akademik la;

- Travay nan tèt ansanm ak pwofesè ki nan estaj oubyen sa ki nan kòmansman karyè yo pou favorize yon anviwònman ki bay sipò pou nouvo jenerasyon pwofesè STEM yo; epi
- Patisipe nan reyinyon reyjonal nan kanpis SUNY yo a, patisipe epi dirije plizyè sesyon devlopman pwofesyonèl chak ane.

Gouvènè Hochul pral anonse tou ouvèti pwochèz faz aplikasyon pou pwofesè K-12 STEM yo nan tout rejyon yo nan prentan. Yo te mande pwofesè K-12 STEM yo pou yo revize kondisyon elijibilite yo nan www.suny.edu/masterteacher.

Prezantasyon State University of New York

State University of New York se pi gwo sistèm konplè nan edikasyon siperyè nan Etazini epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè yo ap viv nan yon distans 48 km de nenpòt nan 64 fakilte oswa inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm lan, SUNY genyen kat sant sante akademik, senk lopital, kat fakilte medikal, de fakilte dantè, yon lekòl dwa, sèl inivèsite optometri Eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini (US Department of Energy National Laboratory) an. An total, SUNY sèvi anviwon 1.3 milyon etidyan nan kou ak pwogram ki ofri kredi, edikasyon kontini ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Depans pou rechèch yo nan tout sistèm nan te prèske 1.1 milya dola nan ane fiskal 2021 an, ki gen ladan gwo kontribisyon nan men etidyan ak pwofesè yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsité se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite suny.edu.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)